**PEMERINTAH KABUPATEN PROBOLINGGO**
**DINAS PENDIDIKAN**
**KOORDINATOR WILAYAH KECAMATAN DRINGU**
**SDN KALISALAM I**

# TRYOUT 1
## UJIAN SATUAN PENDIDIKAN TAHUN PELAJARAN 2021/2022

| | | | |
|---|---|---|---|
| Hari/Tanggal | : Selasa,12 April 2021 | Nama | : ............................ |
| Pelajaran | : Bahasa Jawa | No. Absen | : ............................ |
| Waktu | : 08.30 – 10.00 | Kelas | : VI ( Enam ) |

**I. Wenehana tandha Ping (X) pilihen salah siji wangsalan A, B, C, utawa D sing kok anggep bener!**

1. Gatekne crita rakyat ing ngisor iki !

**Guwa Karang**

Kacarita, ing Kasultanan Kartasurya lagi nandhang kasusahan merga garwa Prameswari nata lagi gerah sing kaya-kaya ora bisa waras. Wis makaping-kaping sang Pangeran nimbali para tabib saperlu nambani gerahe sang Prameswari, nanging ara ana siji-sijine tabib sing bisa ngusadani.

Latar panggonan crita ing nduwur yaiku …
A. ing guwa
B. ing kamar
C. ing kraton Kartasura
D. ing omah

2. Swara gludug iku krungu ( gleger )
Tembung gleger yen di wenehi seselan Um, unine …
A. gleumger
B. glegerum
C. umgleger
D. gumleger

3. Bocah kuwi pancen kethul atine, diterangake bola-bali tetep ora mudheng.
Ukara ing dhuwur ngandung tembung entar. Sing diarani tembung entar yaiku …
A. tembung sing tegese ora salugune
B. tembung loro sing padha tegese utawa meh padha kang dianggo bebarengan
C. tembung loro utawa luwih sing dirangkep dadi siji
D. tembung sing durung owah saka asale

4. **Pocung**
**Pawitane wong urip ingkang satuhu**
**Tansah asih tresna**
**Mring Gusti miwah sesami**
**Akarya tepa tuladha mring sesami**
Tembang macapat ing dhuwur, kaiket anane guru gatra, guru lagu lan guru wilangan. Sing diarani guru lagu yaiku …
A. dhong dhinge ( tibane swara ) ing pungkasane gatra jroning tembang macapat
B. tembang sing kaiket lan manut aturan
C. cacahe wanda saben sagatra jroning tembang macapat
D. cacahe gatra saben sapada jroning tembang macapat

5. Kebo kabotan sungu kuwi kelebu tembung saloka.
Kebo kabotan sungu duweni teges …
A. wong sing uripe rekasa amerga kakehan anak
B. wong tuwa njaluk wuruk marang wong enom
C. wong sing ketoke ala nanging sugih
D. pakulinane anak biasane niru tumindhake wong tuwane

LIVEWORKSHEETS

6. Sega sakepel dirubungi tinggi.
Batang e cangkriman sing wujud e pepindhan yaiku …
A. nanas
B. celana
C. salak
D. sulak

7. Assalamualaikum wr wb
Bapak Kepala Desa ingkang kinurmatan, Bapak Ibu para rawuh ingkang kula kurmati, Para kadhang muda – mudi ingkah tansah minulya.
Raos syukur sumangga tansah kita aturaken dhumateng Gusti ingkang Maha Agung. Dene kula, panjenengan sedaya saged rawuh ing acara bazar ingkang dipun wontenaken dening pakempalan mudha-mudhi dusun Kalisalam menika kanthi wilujeng niring sambekala.
Muji syukur ing ngarsaning Gusti Allah kalebu perangan e … pidhato.
A. pambuka
B. isi
C. panutup
D. salam

8. **Lingkungan kang reged lan kotor**
Perkara kang ngengingi sampah mbutuhake kawigaten khusus amarga sampah kuwi dadi perkara nasional. Gagale anggone ngelola sampah nduweni imbas ana ing kualitas kesehatan warga, ngrusak estetika kutha, mambu sing ora penak lan polusi. Mbuang sampah ing kali bisa myebabake pencemaran banyu kali.
Ukara inti ing paragrap siji yaiku …
A. perkara kali
B. perkara polusi
C. perkara sampah
D. perkara ing kutha

9. **Roro Jonggrang**
Ing jaman biyen ana kerajaan gedhe sing jenenge Prambanan. Rakyate Prambanan iku ayem lan tentrem sing dipimpin karo Prabu Baka. Nanging kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan Pengging. Prabu Baka lan pasukane kalah amarga kurang persiapane. Prabu Baka lan pasukane mati amarga kena karo senjatane Bandung Bandowoso. Kerajaan Pengging lan pasukane seneng amarga isok naklukno kerajaan Prambanan. Wektu Bandung Bandowoso ing kerajaan Prambanan, deweke ndeleng putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang, putri Prabu Baka. Langsung Bandung Bandowoso nglamar Roro Jonggrang.
Amanat e crita ing nduwur yaiku …
A. kudu welas asih marang manungsa liya
B. kudu seneng tetulung marang wong liay
C. kudu bhekti marang wong tuwa
D. kudu nepati janji marang wong liya

10. Buku sing (goleki) ing kene mau apa wes ketemu?
Tembung goleki yen diwenehi ater-ater tripurusa becike …
A. digoleki
B. kokgoleki
C. dakgoleki
D. golekake

11. Dadi bocah kuwi kudu ngerti **… krama**
Tembung saroja sing becik kanggo ngisi ceceg-ceceg ing nduwur yaiku …
A. krama
B. tata
C. maca
D. sinau

LIVEWORKSHEETS

12. **Bener luput lelorone aweh pemut**
**Aja padha lena,**
**Den prayoga ngati-ngati**
**Ing kalane kitha mesti tanggungjawab**
Tembang macapat ing nduwur kalebu jenise yaiku …
A. Pocung
B. Gambuh
C. Mijil
D. Sinom

13. Tembung saloka yaiku unen-unen kang ajeg panggonane mawa teges tartamtu sing disemoni wonge utawa ulah kridhaning manungsa.
Kebo kabotan sungu duweni teges yaiku …
A. ora gelem ngrungokake rerasan ala
B. wong sing manut grubyug
C. wong tuwa kang uripe rekasa merga kakehan anak
D. mburu barang sepele sing ora ana ajine

14. **Di kethok malah dhuwur, disambung malah cendhek**
Cangkriman ing nduwur kalebu cangkriman blenderan. Batang e (jawabane) cangkriman ing nduwur yaiku …
A. gunung
B. kebo
C. clana
D. nanas

15. Sugeng enjang,
Bapak Kepala Dusun Kalisalam ingkang kula urmati, para warga tani ingkang kula tresnani
Puji sukur …, awit saking berkah lan rohmatinpun kita saged ngempal wonten mriki kanthi kawontenan wilujeng.
Ukara sing becik kanggo ngisi ukara sesorah (pidhato) ing nduwur yaiku …
A. kula aturaken dhateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung
B. para sederek ingkang kula tresnani
C. Assalamualaikum wr wb, cekap semanten maturnuwun
D. kula kinten cekap semanten atur kawula, nyuwun pangapunten saking sedaya kalepatan saha kekirangan kula

16. " Ayo panjenengan dakaturi midhangetaken andharan saka kancaku"
Ukara basa ngoko alus ing nduwur yen diganti dadi ukara basa krama alus unine …
A. Ayo panjenengan tak kandani midhangetaken andharan saka kancaku
B. Ayo panjenengan dakaturi ngrungokake andharan saka kancaku
C. Mangga sampean kula aturi midhangetaken andharan saking kula
D. Mangga panjenegan kula aturi midhangetaken andharan saking rencang kula

17.  Tembung aksara ing sisih kiwa, aksara latine unine …
A. katon nangis
B. kamar kosong
C. kosong bolong
D. katon apik

18. "Aku lagi nandur wit lombok" yen di tulis nganggo aksara jawa yaiku …
A. 
B. 
C. 
D. 

LIVEWORKSHEETS

19. **Candhi Prambanan**

**Ing jaman biyen ana kerajaan gedhe sing jenenge Prambanan. Rakyate Prambanan iku ayem lan tentrem sing dipimpin karo Prabu Baka. Nanging kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan Pengging. Prabu Baka lan pasukane kalah amarga kurang persiapane. Prabu Baka lan pasukane mati amarga kena karo senjatane Bandung Bandowoso. Kerajaan Pengging lan pasukane seneng amarga isok naklukno kerajaan Prambanan. Sakwisi menang lawan Prabu Baka, Bandung Bandowoso manggon ing kerajaan Prambanan, deweke ndelok putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang, putri Prabu Baka. Langsung Bandung Bandowoso nglamar Roro Jonggrang.**

Paragane ( tokohne ) crita ing nduwur yaiku …

A. Prabu Baka
B. Bandung Bandowoso
C. Prabu Baka, Bandung Bandowoso, Roro Jonggrang
D. Roro Jonggrang

20. Saben malem senin bengi, Bapak mesthi mirsani **wayang …** ing TVRI.
Tembung saroja sing becik yaiku …

A. wayang
B. kacang
C. nembang
D. kulit

21. Simak en paugeran tembang macapat iki!
Duweni 5 gatra, guru wilangan lan guru lagune : 7u,10u,12i,8u,80
Paugeran tembang macapat ing nduwur, jenise tembang …

A. Gambuh
B. Mijil
C. Pocung
D. Maskumambang

22. **Perlune njaga kerukunan**

Urip ing masyarakat kuwi kudu bisa njaga kerukunan. Sing diarani kerukunan yaiku swasana kang aman, ayem tentrem, lan padha mbantu-binantu ing antarane sapepadhane. Wong sing gelem jaga kerukunan bisa njalari urip ayem tentrem, guyup rukun kang njalari panguripan dadi aman lan endah.

Tembung guyup rukun ing njroning teks nduweni teges …

A. Peteng banget ora ana lampu
B. ora natih sambat marang wong liya
C. urip tansah kepenak ora rekasa
D. sesandingan lan bebarengan lan bisa ngelakoni pakaryan saling mbiyantu marang wong liya

23. **GAMBUH**

**Aja kaya si pegung,**
**Saben dina amung kumalungkung**
**Jroning urip amung seneng nggunggung dhiri**
**Datan ngerti yen keblasuk**
**Patrape mung ponga-plongo**

Tembang Gambuh iku guru gatrane ana …

A. 2 gatra
B. 3 gatra
C. 4 gatra
D. 5 gatra

24. "Mbak Nia kuwi bocah kang ayu, amerga alise …"
Yen diowahi nganggo tembung panyandra unine …

A. nraju emas
B. nanggal sepisan
C. kuning langsep
D. nduren sajuring

LIVEWORKSHEETS

25. "Mbak Fina kuwi bocah kang nduweni idep tumenggung ing tawang"

Ukara ing nduwur migunakake tembung panyandra. Tegese idep tumenggung ing tawang yaiku…

A. nantang nanging bareng ditenani ora wani
B. bedane akeh banget
C. malik mendhuwur
D. malik mengisor

26. Amerga HP ne dirusak marang kancane, Mas Prima kuwi banjur abang kupinge.

Abang kupinge kalebu tembaung entar, sing duweni ateges …

A. sabar
B. seneng tetulung
C. bodho
D. nesu

27. Bapak e Rio kagungan 5 putra lanang kabeh. Bapak e Rio wes kuwalahan ngemong anak-anak e, jalaran anak e yen dikandani wong tuwane malah dikira nyeneni akhire malah kaya wong tukaran.

Paribasan kang becik kanggo gambarake kahanan crita ing nduwur yaiku …

A. kebo nusu gudel
B. kebo kabotan sungu
C. kriwikan dadi grojokan
D. timun wungkuk jaga imbuh

28. Sugeng siyang,

Bapak Listanto pangarsaning bengkel "Tirto Agung" ingkang kula urmati. Para kadhang peserta praktek ingkang kula tresnani. Remen sanget raosing manah kula saged sowan wonten bengkel mriki. Kula Sumardhi minangka wakil saking para siswa SDN MojoAgung ngaturaken agunging panuwun dhumateng brayat ageng bengkel mriki.

Sing nindhakake sesorah (pidhato) ing nduwur yaiku …

A. Pak Listanto
B. Tirto Agung
C. SDN MojoAgung
D. Sumardhi

29. Wacanen teks ing ngisor iki!

Masyarakat kang manggon ing sakiwa tengene kali Kedunggaleng Dringu, winginane dikagetake anane ewon banjir kang gedhe. Akeh barang-barang warga padha dadi ilang klanyut banjir kuwi. Para warga padha susah amerga omah e akeh waled tinggalane banjir kuwi.

Crita ing nduwur jenise kalebu …

A. teks pawarta
B. teks narasi
C. teks persuasi
D. teks dheskripsi

30. **Kancil laan Baya**

Playune kancil kedhang-dangan kali. Kncil mandheg, noleh ngiwa nengen golek uwot nanging ora ana. Kancil banjur noleh memburi ndeleng Macan wez kethok apa durung. Ngerti menawa Si macan durung kethok, kancil lega atine. Bathine kancil isih ana wektu kanggo golek akal loncat saka bebaya.

"**…** sing playune banter amerga di kejar marang macan?"

Tembung pitakon sing becik yaiku …

A. kapan
B. sapa
C. ing ngendi
D. geneya

LIVEWORKSHEETS